



Evalyasyon kapasite patenè nan Amerik Latin nan ak nan Karayib la:
Yon Senpozyòm aksè lib, bezwen teknolojik ak andirans enstitisyonèl

Rapò sou Senpozyòm nan ak Rekòmandasyon

Yon tèks ki prepare kòm yon repons pou senpozyòm nan

Hadassah St. Hubert, Jennifer Isasi, Nicté Fuller Medina ak Margie Montañez

Tradiktè: D'jodens Conserve.



Council on
Library and
Information
Resources

Fevriye 2021

Published by:

**Council on Library and
Information Resources**

211 North Union Street

Suite 100-PMB1027

Alexandria, VA 22314

<http://www.clir.org>

Copyright © 2021 by Council on Library and Information Resources. This work is licensed under a Creative Commons Attribution-NonCommercial-ShareAlike 4.0 International License.

Kontni

Objektif Senpozyòm nan	2
Senpozyòm nan	3
Sondaj Patnè yo	6
Tranzisyon Vityèl	6
Prezans avèk Done Rezo Sosyal	8
Sondaj sou Rapò Patisipan yo	10
Rekòmandasyon	11
Pou Enstitisyon Amerik Latin ak Karayib yo	11
Pou Bibliyotèk, achiv ak enstitisyon eritaj kiltirèl nan Etazini yo	12
Pou Enstitisyon Finansman yo	14
Konklizyon	15
Bibliyografi	16
Remèsiman	16
Konsènan Otè yo	17

Objektif Senpozyòm nan

Ann avril 2020, otè yo, CLIR Fellows nan dezyèm kowòt pou *Curation* (òganize epi jere) done pou Amerik Latin ak Etid Karayibeyèn yo, te transmèt vityèlman Evalyasyon Kapasite de Patnè Amerik Latin ak Karayibeyèn yo: Yon senpozyòm sou *aksè lib*, bezwen teknolojik, epi andirans enstitisyonèl. Anvan sa, senpozyòm nan te dwe fèt an pèsòn (fas a fas) nan Miami, Florid, nan *Florida International University's Frost Art Museum* ak *Wolfsonian-FIU* nan Miami Beach. Poutèt viris Kovid-19 lan, senpozyòm nan fèt nan yon fòma vityèl epi moderatè a se te *Digital Library of the Caribbean (dLOC)* (Bibliyotèk Nimerik Karayib la).

Senpozyòm nan te rasanble vwa yon gwoup enstitisyon nan Amerik latin nan ak Karayib la, ak yon fowòm li te ofri pou pèmèt patisipan sa yo pataje kèk estrateji epi idantifye bezwen yo genyen an komen. Lè nou adopte apwòch sa a, kòm òganizatè, entansyon nou se soti nan modèl neyoliberal *pòskonsèvasyon* (Alpert-Abrams e al. 2019) pou kreye yon opòtinite pou achiv nimerik ansanm ak prezèvasyon kiltirèl dwe fèt anba responsablite achiv, bibliyotèk ak inivèsitè nan Amerik Latin nan ak Karayib la. Rekòmandasyon nan rapò sa a pou travay avèk achiv epi bibliyotèk nan rejyon an, se travay patisipan yo ki baze sou bezwen chak rejyon yo reprezante ansanm ak defi yo rankontre.

Objektif nou se te pou patisipan yo vini ak yon seri kesyon pou finansè, bibliyotèk, achiv ak lòt enstitisyon ki baze nan peyi Etazini, Kanada, oubyen nasyon ewopeyen yo, pou konsidere lè y ap evalye pwopozisyon sibvansyon lajan pou pwojè nimerik yo, oubyen lè konsiderasyon *pòskonsèvasyon* achiv avèk enstitisyon nan Amerik Latin ak Karayib la. Anrejistreman sou evènman vityèl la te vin disponib fasil fasil pou bibliyotèk yo, achiv yo, epi finansè yo, kon sa sa devlope konesans apwofondi ak pratik ki san patipri pou travay avèk achiv Amerik Latin ak Karayib yo ansanm ak enstitisyon eritaj kiltirèl yo. Nou te dèyè devlope kèk rekòmandasyon ak pratik san patipri pou amelyore angajman kiltirèl nan devlopman koleksyon ki vrèman konnen Amerik Latin ak òganizasyon Karayib la kòm patnè egal ego ki gen dizon yo tou nan pran desizyon pou pwojè k ap kreye ak sibvansyon lajan. Se entansyon nou pou senpozyòm vityèl sa a sèvi kòm yon modèl pou ranfòse ak divèsifye koleksyon, epi pou pwomouvwa patisipasyon tout moun nan prezèvasyon aktif dokiman istorik epi dokiman kontanporen ak vwa alapawòl.

Senpozyòm nan te rasanble vwa yon gwoup enstitisyon nan Amerik latin nan ak Karayib la, ak yon fowòm li te ofri pou pèmèt patisipan sa yo pataje kèk estrateji epi idantifye bezwen yo genyen an komen.

Senpozyòm nan

Pou senpozyòm nan, nou te vle gen plizyè vwa diferan menm avèk yon ti gwoup tou piti. Amerik latin ak Karayib la gen yon pakèt diferans lengwistik ak kiltirèl, kote nou jwenn divès nivo eritaj kiltirèl ak plas pou achiv, ansanm ak yon melanj enstitisyon tradisyonèl ak lòt enstitisyon ki santre sou kominote ki pa privilejye yo. Chakenn nan otè yo gen yon relasyon ki egziste avèk yon enstitisyon nan rejyon an, swa akòz pwojè travay oswa koneksyon enstitisyonèl. Apre evalyasyon an, nou te chwazi enstitisyon ki plis sanble ak kalite divèsite nou te vle reprezante a; kon sa, moun nou te envite yo te soti Ayiti, Jamayik, Babad, Kolonbi, Beliz ak Meksik.

Pou Ayiti, nou te envite “Institut de Sauvegarde du Patrimoine National (ISPAN)” paske Hadassah St Hubert, ki baze nan Bibliyotèk Nimerik Karayib la (dLOC, <https://dloc.com>), ap travay dirèkteman avèk ekip nan ISPAN an. Achiv ISPAN an (<https://www.dloc.com/ispan>) te fonde nan lane 1979 pou pwoteje patrimwàn nasyonal ayisyen an. Li gen anpil dokiman sou eksplorasyon akeyolojik, desen achitekti, piblikasyon rechèch entelekyèl ayisyen yo epi foto moniman Ayiti yo, estrikti ak sit kiltirèl epi istorik. Dokiman achiv yo sitou nan lang fransè ak lang kreyòl. Bibliyotèk UCLA yo fenk sot bay ISPAN yon sibvansyon pou Pwogram Modèn pou Achiv ki an danje (MEAP ann angle), pou li ka dijitalize koleksyon achiv li yo ki nan Okap, Ayiti.

Anplis de sa, nou te envite de nan patnè enstitisyonèl dLOC yo, National Library of Jamaica (NLJ-Bibliyotèk Nasyonal Jamayik) ak HeritEdge Connection (Koneksyon HeritEdge) ki nan BabadBabad, pou reprezante Karayib anglofòn nan. Bibliyotèk Nasyonal Jamayik la (<https://nlj.gov.jm>) te etabli nan lane 1979 avèk dekrè sou Enstiti Jamayik an 1978. Li te soti nan West India Reference Library (Koleksyon Bibliyotèk Referans End oksidantal-WIRL), ki te fonde nan lane 1894 kòm yon seksyon nan Bibliyotèk Piblik Enstiti Jamayik la (Public Library of the Institute of Jamaica). NLJ responsab dijitalizasyon kòm alatèt Bibliyotèk ak Rezo Enfòmasyon Jamayik pou kowòdone efò k ap fèt pou dijitalize tout bagay. HeritEdge Connection (<https://heritedge.foundation>) te mete tèt ansanm avèk Achiv Babad yo e li te resevwa de sibvansyon pou Pwogram achiv ki an danje yo atravè Bibliyotèk Britanik la pou dijitalize jounal istorik nan koleksyon achiv yo. Anplis de sa, HeritEdge Connection te fini pwosè achiv la ak nimerization de anrejistreman de Synagogue Restoration Project (Pwojè Restorasyon Sinagòg) nan Bridgetown, Babad.

Inisyativ Dijital Amerik Latin nan (<https://ladi.lib.utexas.edu>) nan LLILAS Benson, kote Jennifer Isasi te baze, kontinye ap travay avèk branch Palenque Regional el Kongal de Proceso de Comunidades Negras, “yon rezo dwa Afwo-Kolonbyen ki ap chache garanti, pwomouvwa ak defann dwa yo pou idantite, teritwa zansèt, otonomi ansanm ak byennèt kolektif ni fi ni gason ki Afwo-Kolonbyen, yon fason pou yo garanti prensip tankou pa nan patipri, egalite, epi jistis” (<https://renacientes.net>). Isasi te deside envite youn nan patnè nan enstitisyon sa a paske sa mande anpil efò pou itilize pratik dijitalizasyon pou difizyon, konpreyansyon ak prezèvasyon nan batay san rete pou jwenn dwa yo ak jistis pou Kolonbyen nwa.

Institute of Social and Cultural Research (Enstiti Rechèch Sosyal ak Kiltirèl -ISCR, <https://nichbelize.org/iscr>) nan Beliz te jwenn envitasyon paske li tonbe anba National Institute of Culture and History (Enstiti Nasyonal Kilti ak Listwa - NICH), ki gen devwa pou fè pwomosyon ak pwoteje patrimwàn istorik ak kiltirèl nan Beliz. Objektif ISCR se sèvi kòm dirijan depo dijital nan envantè eritaj kiltirèl imateryèl Beliz la ak rechèch pou jwenn aksè nan travay sou listwa, sosyoloji, antwopoloji ak lòt syans sosyal. Kèk nan koleksyon li yo gen ladan *National Hero Philip Goldson Collection*, *Journal of Belizean Studies*, *Belize Historical and Anthropological Reports* (Ewo Nasyonal Filip Goldson Koleksyon, Jounal sou Etid Beliz, Rapò Istorik ak Antwopolojik Beliz - 2012 rive jounen jodi a), ak yon seri ki gen anpil kontni kiltirèl odyovizyèl ki soti depi nan lane 2011 jiska kounye a. Dènyèman, ISCR te bay yon sibvansyon planifikasyon ki soti nan Pwogram Modèn Achiv ki An danje yo pou yon pwojè pou evalye ak pwoteje materyèl odyovizyèl sou lang natif natal Garifuna Beliz la, mizik ak dans, ki enskri sou Lis Reprèzantatif Eritaj Kiltirèl Imateryèl Limanite. Nicté Fuller Medina (Bibliyotèk UCLA) ap travay kounye a avèk ISCR. Beliz inik paske li fè pati Amerik Latin ak Karayib la men tradisyonèlman li pa konsidere kòm reprèzantan nan okenn rejyon sa yo.

Finalman, Margie Montañez (Bibliyotèk UNM) travay avèk Fideicomiso Archivos Plutarco Elías Calles y Fernando Torreblanca (FAPECFT) (<https://econtent.unm.edu/digital/collection/fapecft>), ki baze nan *Distrito Federal*, Meksik. Patenarya ki genyen ant Bibliyotèk Inivèsite Nouvo Meksik la ak FAPECFT bay aksè nan 300 000 dokiman nimerik ki soti nan FAPECFT. Koleksyon dijital la genyen materyèl Meksiken kiltirèl, istorik, ak rechèch materyèl politik ki kache oswa ki an danje. Julio Galán Family Digital Collection (Koleksyon Nimerik e Dijital Fanmi Julio Galán) se yon lòt koleksyon pòskonsèvasyon ant fanmi atis Meksiken an, Julio Galán, ak University of New Mexico Libraries (Bibliyotèk Inivèsite Nouvo Meksik la). Kolaborasyon sa a bay aksè nan kopi dijital sou papye fanmi, kaye trase ak korespondans pèsònèl. Pwojè sa yo demontre lajè ak dimansyon patenarya nou yo, nan mete aksan sou achiv pèsònèl, eritaj kiltirèl tankou travay atistik, ak ti istwa kòm yon aspè enpòtan kolaborasyon ki santre sou vwa lokal yo.

Bibliyotèk UCLA a te gen pwojè kolaborasyon avèk plizyè enstitisyon eritaj kiltirèl nan Kiba pou kèk ane. Enstitisyon sa yo te dwe kontribitè enpòtan nan senpozyòm lan akòz de travay kontinyèl yo nan patenarya avèk lòt enstitisyon Ameriken epi Ewopeyen. Sepandan, akòz de vwayaj entèdiksyon/ anbago yo, li te vin parèt enposib pou fè aranjman pou viza ki nesèsè yo. Kan nou fè tranzisyon de yon senpozyòm vityèl, patisipasyon de enstitisyon Kiben yo te toujou anpeche paske aksè entènèt ki disponib pou enstitisyon Kiben yo, patnè Bibliyotèk UCLA yo, pa t ap pèmèt videyo konferans. Nan kèk ka, enstitisyon sa yo te ka gen pi bon aksè entènèt nan-biwo a, men akòz de pandemi an anplwaye yo t ap travay lakay yo olye de nan biwo. Pandan ke anbago a espesifik nan Kiba, jwenn yon viza pou vwayaje te toujou mande anpil atansyon ak planifikasyon. Baryè nan aksè entènèt, oswa enfrastrikti dijital an jeneral, dwe pran an konsiderasyon lè w ap travay an kolaborasyon nan rejyon an epi lè ou ap mete kontni sou entènèt.

Oratè prensipal nou yo, Gimena del Rio Riande avèk Roopika Risam, te chwazi akòz de rezilta sondaj nou te fè de patnè nou te envite yo pandan ti sibvansyon an. Kòm open-access (aksè lib) se te youn nan enkyetid ki te idantifye, nou te envite Dr. del Rio Riande kòm vwa ki pi enpòtan nan zafè moun ki pale panyòl nan Lamerik, epi tou kòm yon pratikan ki trè koni nan *humanidades digitales* nan gwo rechèch ak ansèyman nan Amerik Latin ak Ewòp. Ekspètiz Dr. Risam te adrese yon lòt enkyetid ki te refleto nan sondaj la, sètadi, pratik aprè kolonyal nan dosye dijital kiltirèl la. Dr. Risam te aksantye sou nesèsite ki genyen pou kiltive relasyon ak patisipasyon pou ede entèveni nan pwodiksyon konesans ki privilejye Nò a an global. Doktè Risam te raple nou ke dosye achiv pou Amerik Latin ak Karayib la distribiye pifò pati yo atravè peyi yo ak enstitisyon yo. Patenarya transnasyonal yo ta sipoze vize pou mete yo ansanm epi bay gran aksè a kominote kote ke dosye achiv yo te soti, pandan y ap pratike yon etik kolaborasyonèl.

Nou rete kwè ke senpozyòm sa a te alè nan achiv *pòskonsèvasyon* ak anpil lòt kalite finansman ki disponib pou patenarya. An menm tan tou, se nan kenbe objektif pwogram *CLIR microgrant* nan, bay opòtinite, ankouraje rechèch kolaboratif, adrese pwoblèm ki pataje atravè enstitisyon, ke nou adrese pwoblèm enfrastrikti ki kache nan pwojè nimerik nan mitan enstitisyon ki nan Etazini yo, Lamerik Latin avèk Karayib la. Finalman, nou chache angaje patnè nou yo pou nou diskite sou plizyè apwòch pou nou fè pwojè dijital ak Lamerik Latin epi Karayib la. Kon sa, lè nou pale de pratik ekitab li pa vle di ke nou vize jwenn yon sèl fason pou apwoche divèsite nan rejyon yo, men pito bay espas la pou patnè yo detèmine ki sa yo ta ka sanble oswa menm si yon seri de pratik sa yo te kapab atikile.

Nou rete kwè ke senpozyòm sa a te alè nan achiv pòskonsèvasyon ak anpil lòt kalite finansman ki disponib pou patenarya.

Sondaj Patnè yo

An Novanm 2019, ekip la te kreye yon sondaj pou patnè kite idantifye yo. Kesyon sondaj yo te vize pou idantifye enkyetid komen ak enterè nan mitan gwoup etewojèn nou an pou mete tèm k ap gide senpozyòm la.¹

Sondaj la te revele ke patisipan yo ap fè fas patikilyèman ak defi sa yo lè y ap travay an patenarya ak enstitisyon ki baze nan Etazini: (1) mwayen finansye avèk depans travay yo se de baryè ki pi enpòtan pou kontinye oswa pou n ranfòse yon kolaborasyon; (2) aksè a ekipman epi kapasite teknolojik oswa konesans se baryè konsiderab; ak (3) kominikasyon ki estab epi konsiltasyon ak patnè yo toujou rete yon baryè. Langaj avèk baryè kiltirèl yo se tou yon gwo enkyetid pou patnè sa yo ke lang prensipal yo pa angle.

Tranzisyon Vityèl

Nan mwa Mas 2020, Kovid 19 la te gaye nan Etazini, sa te oblije fè ke nou ranvwaye senpozyòm lan oswa fè li nan yon fòm vityèl. Lè sa a, nou te deja depanse yon pòsyon nan bidjè nou an nan vòl pou patnè yo, epi kèk nan nou t ap chanje pozisyon. Byenke nou menm ak patnè nou yo te vle fè senpozyòm lan an an pèsòn, nou te deside finalman pou nou fè tranzisyon nan yon platfòm vityèl. Nou te deside ogmante konpansasyon patnè yo pou patisipasyon yo ki kouvri depans adisyonèl nan teknoloji, ekipman avèk entènèt la, ak transmèt lajan ki te asosye ak vwayaj an pèsòn depi o kòmansman an.

Planifikasyon pou yon anviwònman vityèl te pran plis preparasyon, travay ak travay administratif ki parèt envizib sou bò kote pa nou. Te gen anpil enkyetid nan fè tranzisyon pou yon senpozyòm vityèl. Premyèman, nou te konsène pou koneksyon ak patnè yo, aksè teknolojik yo, epi kòman pou asire yo te gen aksè entènèt ki estab pou patisipasyon vityèl la. Pou amelyore pwoblèm sa a, nou te pwograme plizyè apèl ak patnè nou yo anvan senpozyòm nan pou pratik ak depanaj, epi nou konseye yo pou yo fèmen kamera a lè yo p ap patisipe pou bese enèji ki nesese pou apèl la. Yon lòt enkyetid se te entèpretasyon ki pa ta sèlman pèmèt kominikasyon nan mitan patisipan yo, men ki ta pèmèt moun tandè vwa patnè nou yo tou. Paske Zoom genyen kèk restriksyon, nou te deside gen entèpretasyon youn apre lòt ki konekte entèprèt la ak patnè a sou yon apèl nan WhatsApp pandan tou lède te konekte nan Zoom. Byenke sa te pran plis tan ak depanaj, entèpretasyon k ap fèt an menm tan an te ka vin lakòz silans oratè a. Finalman, paske gen plizyè pati nan reyinyon vityèl la, Bibliyotèk Nimerik Karayib la (dLOC) te deside pou bay etidyan gradye ak etidyan ki poko gradye opòtinite pou sipòte nou pandan pwosesis la epi pou kontwole chanm Zoom yo ak kesyon ki te genyen sou Facebook.²

¹Patisipan yo nan sondaj la pa t idantifye enkyetid yo ak mo sa a, sepandan, kesyon sou avantaj ak dezavantaj nan dijitalize ak akòde aksè sou dosye kiltirèl yo nan yon fòm ki lib sou entènèt la ale nan direksyon kalte teyorizasyon efò sal yo.

²Zoom gen yon posiblite pou entèpretasyon lang nan reyinyon ak seminè sou liy, sepandan sa a se yon sèvis an plis enstitisyon ki parene nou yo pa t enskri ladan, nan moman an, Kidonk, nou pa t gen aksè pou sa. <https://support.zoom.us/hc/en-us/articles/360034919791-Language-interpretation-in-meetings-and-webinars>.



Michel-Rolph Trouillot fè remake “silans yo enpòtan nan listwa paske pou nenpòt evènman ki antre nan istwa, gen kèk nan pati evènman sa yo manke. Gen yon bagay ki toujou manke pandan yon lòt bagay anrejistre” (1995, 49). San mank, silans sa yo te vini nan konvèsasyon ak koneksyon ki pa t pran plas paske yo te oblije chanje senpozyòm nan pou fè l tounen yon senpozyòm vityèl. Nou te eseye diminye pwoblèm sa a avèk kèk sesyon prive pou patnè yo sèlman (egzanp, pa t gen okenn patisipan, finansè, administratè inivèsite), pandan n te konsyan de konsekans sa genyen sou libète lapawòl nan reyinyon vityèl yo akòz nou anba siveyans san rete lè n sèvi avèk teknoloji dijital nan tan sa a. Nou rekonèt reyinyon vityèl pa ka ranplase konvèsasyon dirèk, espontane ki souvan konn rive lè moun reyini an pèsòn.

Tranzisyon nan yon fòm vityèl, malgre tou, pèmèt plis fondasyon, pwogram finansman, ak lòt patnè kolaboratif patisipe. Nou te gen reprezantasyon ki soti nan Etazini - ak fondasyon ewopeyen tankou *Center for Research Libraries (CRL)* -, *Green Family Foundation*, *Library of Congress*, *Modern Endangered Archives Program (MEAP)* nan UCLA, avèk the *Prince Claus Fund*. Se te premye fwa tout nan patnè nou yo te kominike dirèkteman avèk finansè sa yo. Prezantasyon finansè yo te ede fasilite pwosesis sibvansyon an epi li te pèmèt patnè nou yo angaje dirèkteman avèk ofisye pwogram sibvansyon yo. Depi senpozyòm lan, kèk nan patnè nou te envite yo te deja rantre nan pale avèk finansè yo sou lòt pwojè yo kapab genyen. Nou pa ka tann pou n gen lòt kolaborasyon lòt pwojè kon sa nan lavni.

Tranzisyon nan yon fòm vityèl, malgre tou, pèmèt plis fondasyon, pwogram finansman, ak lòt patnè kolaboratif patisipe.

Fòm vityèl la te pèmèt nou anrejistre evènman an pi fasil. Zoom gen yon sèvis anrejistreman avèk difizyon sou Facebook, ki tou kenbe yon kopi videyo a. Sa vle di nou kapab ofri piblik la yon videyo evènman an, epi pèmèt moun ki te patisipe yo regade videyo a kòm yon referans. Yon pwoblèm ki genyen avèk sa, sepandan, s ke tout videyo ki sou entènèt yo ta dwe konfòme yo avèk règleman ADA ki, nan ka sa a, genyen soutit. Byenke sa a te ka fèt otomatikman e li gratis (nou gen aksè pou prezante videyo ak sèvis CC tankou Kultura nan afilyasyon enstitisyonèl), presizyon nan soutit la pa ideyal pou yon anrejistreman ki, enkli anpil vwa ak aksan diferan, menm lè se nan yon sèl lang; pa egzanp, machin nan pa pran anglè Isasi a avèk presizyon tankou li pran pa Montañez la.


Prezans avèk Done Rezo Sosyal

Dat senpozyòm lan se te 16 ak 17 avril 2020, fòm vityèl la te pèmèt yon odyans ki pi laj nan evènman an ki te ka pa t posib otreman. Nòmalman, bidjè pou evènman an pèsòn nou yo konn fèt pou apeprè 30 patisipan. Men, te gen yon total 126 moun ki anrejistre pou patisipe nan senpozyòm lan, ki te rive nan yon total 315 moun ki t ap gade evènman an sou Zoom nan diferan panèl li yo. Difizyon evènman an ak anrejistreman videyo li a [sou paj Facebook Bibliyotèk nimerik Karayib](#) la te gen 1 765 moun ki gade l depi 11 Out 2020. Paske Roopika Risam te bezwen ranvwaye dat pou l te fè entèvansyon li, sa te vin fèt nan dat 28 jiyè, nan yon fòm vityèl tou, epi li te rasanble 34 moun nan odyans lan.

Sondaj aprè senpozyòm nan montre patisipan yo (28 repons) te soti nan divès rejyon, avèk 57% nan Etazini ak Kanada, 18% soti nan zile Karayib yo, 14% soti Meksik, 7% soti nan Ewòp, epi 4% soti nan Amerik di Sid. Mwatye nan moun ki te reponn sondaj la rapòte yo te aprann enfòmasyon sou senpozyòm lan atravè yon envitasyon pèsònèl. Senk nan moun ki reponn yo rapòte yo te tandè pale de li atravè rezo sosyal, epi gen senk lòt ki di se nan bouch lòt moun yo te tandè li.


Nou te kontwòle Twitter pou patisipasyon rezo sosyal pandan senpozyòm lan. Te gen yon total 143 twit ak hachtag # CLIRLACC2020 ki te anrejistre. Twit sa yo te twit 22 itilizatè ki soti nan 13 kote diferan epi nou jwenn yon rezo an komen anpil nan yo te fòm ki mete twit yo ansanm epi mansyone sa k nan twit yo. Menm hachtag la te itilize apeprè 30 fwa pandan prezantasyon Dr. Risam nan dat 28 jiyè a, ki soti nan plizyè kote alantou monn lan.

Prezans pa rejyon an



- Etazini ak Kanada
- Zile Karayib yo
- Meksik
- Ewòp
- Amerik di Sid

Figure 1



Rezo sosyal twit ki te gen hachtag #CLIRLACC2020 la. Done yo rekeyi ak blòk rtweet la pou vizyalizasyon Rezo R. ki te kreye nan Gephi, avèk santralite ak degre modilarite ansanm ak dispozisyon graf Force Atlas 2. Gwosè ne yo demontre kantite twit pou chak itilizatè, lyen yo kreye avèk masyon oswa tag, epi koulè yo reprezante twa “kominote” nan mitan masyon yo. Se Doktè Isasi ki kreye chema sa a.



Sondaj sou Rapò Patisipan yo

Sondaj ki te fèt aprè senpozyòm lan te gen plizyè kesyon prepare pou bay òganizatè yo yon sans klè sou enpak senpozyòm lan.

Moun ki te reponn sondaj la rapòte twa pi gwo rezon ki fè yo te patisipe nan senpozyòm lan se te (1) yon dezi pou patisipe nan yon senpozyòm ki genyen yon seri entèvenan ki soti nan enstitisyon entènasyonal, (2) fasilite aksè nan fòm vityèl la, ak (3) chans pou patisipe nan panèl ajans finansman yo. Prèske yo tout rapòte ke yo te trè satisfè ak evènman an an jeneral, opòtinite pou aprann li te akòde, plizyè sòt de panèl, òganizasyon an ak platfòm dijital la.

Nou te resevwa anpil kòmantè trè pozitif sou demann kòmantè lib òganizatè yo te fè. An jeneral, tout moun te satisfè avèk enfòmasyon ki te bay yo, kesyon ki te poze yo, epi fòm a – yo eksprime rekonesans yo paske yo te kapab patisipe gras ak fòm vityèl la. Kèk nan kritik ki te fèt te an rapò ak vizibilite ansanm ak divèsite lang ki te sèvi. Nou ta renmen pale sou pwoblèm sa a san n pa twò long. Pou senpozyòm ki te dwe fèt an pèsòn nan, nou te planifye pou bay yon entèprèt byen patikilye pou ede patnè ki pa pale anglè byen, pou yo te kapab toujou patisipe konplètman; nou te konnen tou pi fò nan patisipan nou yo ka pale panyòl a yon sèten nivo. Menm nivo fasilite sa a difisil anpil pou reyalize nan yon evènman senkwonik vityèl ki gen dimansyon sa a epi san teknoloji ak preparasyon ki apwopriye, e ki trè chè. Konvèsasyon ki te ka genyen an pèsòn nan mitan moun ki pale menm lang – pa egzanp, moun ki soti Meksik ak Kolonbi - pa t posib nan yon reyinyon Zoom paske nou pa t genyen, epi nou pa t vle, separasyon an ti gwoup, ni nou pa t fè diskisyon pa tchat oubyen dine avan e aprè evènman an. Otan ke nou se defansè e nou kanpe pou jistis nan kesyon lang nan lavi nou chak jou, nan travay nou ak rechèch nou, nou reyalize anviwònman senkwonik vityèl la mete limit nan konvèsasyon an plizyè lang (gade nòt anba paj nimewo 2).

Rekòmandasyon

Pou Enstitisyon Amerik Latin ak Karayib yo

Nou ofri rekòmandasyon sa yo bay enstitisyon Amerik Latin ak Karayib yo lè n konsidere pwojè dijitalizasyon ki ka fèt an patenarya avèk enstitisyon ki baze nan Etazini yo.

- Antre an kontak avèk entelekyèl ki gen kapasite epi kolaboratè nan plizyè enstitisyon diferan ki ka ede w deside ki materyèl ki te ka pi itil pou dijitalizasyon epi kouman pou delimitè sijè ki abòde nan pwojè ou a pou ka fè plis enpak.
- Konprann entelekyèl yo, anvi yo genyen pou chèche enfòmasyon, ak ki jan yo itilize materyèl nimerik. Sa ap ede w pi byen dekri benefis bon jan rechèch ki gen orijin li nan pwojè dijitalizasyon ou pwopoze a.
- Mennen ankèt sou posibilite ki genyen pou angaje entelekyèl lokal yo ak chèchè nan rejyon an nan demach seleksyon pou resous yo, paske opinyon yo ak patisipasyon yo ka garanti yon odyans pi divès pral jwenn aksè nan resous nimerik yo.
- Chèche konnen pwojè sibvansyon ki pase deja nan men finansè ki konn ede epi kontakte ofisyè pwogram yo menm lè yon pwojè se nan etap refleksyon li ye toujou.
- Kontakte entelekyèl ak ajans ki ka ede w si òganizasyon w lan gen pwoblèm nan prepare aplikasyon akòz yon diferans lang. Mande anplwaye enstitisyon finansman an si yo ka bay konsèy ak materyèl aplikasyon nan lang ou.
- Fè yon lis long sou chèchè ki ka bay asistans ak lèt sipò pou pwojè ou yo. Chèchè yo ap kontan ede w ekri yon naratif ki konvenkan epi bay lèt sipò, patikilyèman si materyèl ou vle dijitalize a itil pou rechèch yo.
- Sonje materyèl ki nimerize yo pral disponib sou entènèt epi tout moun ka gen aksè ak yo. Paske aksè lib se yon demach inik nan chak nasyon, tout enstitisyon ki patisipe nan pwojè a bezwen klè sou objektif li yo epi konsidere dwa otè ak kondisyon pou reyitilize materyèl yo. Analize si mank revni kapab vin yon baryè pou aksè lib ak ki solisyon alalong ki ka ede pote vizibilite ak establiite finansyè nan enstitisyon ki gen plizyè koleksyon ki pral dijitalize.

Achiv yo se espas politik. Yo kreye konesans, yo revele istwa oswa yo maske istwa, yo aji kòm entèmedyè pou tan pase yo, yo kapab bay istwa pou tan k ap vini yo fòm.

- Kominike enkyetid ou a klè sou aksè lib ak kondisyon pou reutilize materyèl yo:
 - Bay enfòmasyon konsènan moun ki responsab (ajans finansman oubyen enstitisyon) pou chwazi ki materyèl ki ka disponib pou aksè lib.
 - Etabli kondisyon pou itilizasyon materyèl patikilye yo mete disponib pou aksè lib, pa egzanp, fè konnen materyèl sa yo kapab sèvi sèlman pou zafè etid ak rechèch.
 - Mete kondisyon pou kalite/rezolisyon materyèl yo kab mete sou platfòm aksè lib yo.
 - Detèmine wòl enstitisyon an nan jere pèmasyon pou repwodui resous yo.
- Kòmanse konvèsasyon konsènan depans operasyonèl, espesyalman avèk pwojè ki baze sou finans. Mete yon plan sou plas, kote sa posib, sou kòman yo soutni pwojè yo ak moun avèk letan, ak kouman pou angaje jenerasyon k ap vini yo ak gouvènman yo nan efò sa a.
- Kòmanse yon kat rejyonal pou Enstitisyon Karayib ak Amerik Latin yo; konnen ki moun ki gen kalite espètiz patikilye nan lòt achiv yo pou fè kolaborasyon.
- Konsidere bati yon platfòm sou entènèt, tankou yon paj Google pou nou pataje, enstitisyon eritaj nan peyi w ak lòt peyi nan Amerik Latin nan oswa Karayib la ka itilize pou lis materyèl yo ta renmen dijitalize. Sa ta ka kreye koperasyon ak kolaborasyon, epi li kapab tou bay yon opòtinite pou ajans finansman yo apwòche enstitisyon yo ak ankouraje yo pou aplike pou finansman ki ka ede yo.
- Itilize pwojè dijitalizasyon pou kontak lokal ak angajman kominote a pou ajans finansman yo ka wè enfluyans valè ki ajoute nan sibvansyon yo.
- Ankouraje ak pwomouvwa travay san rete pou tabli rezo nasyonal, rejyonal ak entè-rejyonal, pwojè, epi espas pou kolaborasyon. Ni nouvo platfòm ak platfòm ki egziste deja sou entènèt ka ogmante vizibilite a, aksè, ak difizyon pou achiv ak finansman sou aksè lib.

Pou Bibliyotèk, achiv ak enstitisyon eritaj kiltirèl nan Etazini yo

Achiv yo se espas politik. Yo kreye konesans, yo revele istwa oswa yo maske istwa, yo aji kòm entèmedyè pou tan pase yo, yo kapab bay istwa pou tan k ap vini yo fòm. Dinamik pouvwa nan achiv Etazini yo angaje nan aktivite katalòg, metadone ak òganizasyon. Lè n konsidere sa ki nan politik achiv yo, obsèvasyon nou sou anviwònman travay, règleman, tradisyon ak enterè nan enstitisyon ki baze nan Etazini, konvèsasyon nou genyen avèk kolèg, epi koute patnè nan Amerik Latin nan ak Karayib la, men sa nou rekòmande bay enstitisyon ki nan peyi Etazini:

- Fasilite koneksyon ki pi solid ant enstitisyon kiltirèl, pwofesè, bibliyotekè ak achivis. Youn nan fason sa ka fèt se vizite enstitisyon asosye yo byen bonè nan pwosesis la. Anplis de sa, si gen divès depatman k ap travay avèk yon patnè,

eseye klè sou wòl pwojè a, dimansyon li ak travay ki dwe fèt. Divizyon nan mitan enstitisyon yo ka fristre moun ki ladan l e sa ka fristre patnè deyò yo plis toujou.

- Rann dokiman oswa travay administratif ki nesèsè pou patnè achiv yo pi fasil pou konprann, bay delè ki nesèsè pou dokimantasyon.
- Konsidere senplifye kondisyon administratif ak dokiman nan kòmansman pwojè a ak pandan l ap dewoule. Enstitisyon Amerik Latin ak Karayib yo manke anplwaye ak tan pou akonpli pwosesis sa a, yon sityasyon ki ta ka vin penib epi ki pa vo efò yo.
- Ou dwe konnen enstitisyon asosye yo gen dwa pa genyen tout dokiman ajans sibvansyon ki baze nan Etazini yo mande regilyèman, oubyen yo pa genyen yo nan fòm ki egzijib la. Prepare w pou negosye kondisyon sa yo ak benefisyè sibvansyon an epi/oswa pou ede kominote patenarya a pou devlope materyèl sa yo.
- Egzamine pwojè ki baze sou resous ki depann de finansman epi evalye ak ki sa yon relasyon dirab ki ka etabli alalong pral sanble ak òganizasyon asosye a.
- Fè koneksyon ki pi solid ak lòt enstitisyon ki nan Etazini k ap fè travay pòskonsèvasyon achiv nan Amerik Latin nan ak Karayib la. Sa ap ede bati kapasite sou plan lokal, si enstitisyon yo ap travay nan menm peyi epi ede konstwi plis resous. Konsidere kreye ak pataje lis chèchè fòmàtè, ak lòt espesyalis pou nasyon sa yo.
- Angaje fòmàtè ki pale lang kominote a epi ki abitye avèk teknoloji ak fòmasyon lè n ap fè fòmasyon sou kòman pou dijitalize, pou prezève ak pou klase.
- Mete ase lajan de kote pou tradiksyon, kit se ak yon sèvis ekstèn oswa avèk yon manm pèsònèl enstitisyon an ki ofri tan l epi gen yon pati nan sibvansyon ki la pou sa. Tradiktè a sipoze gen fòmasyon debaz nan tradiksyon ak bon konesans nan vokabilè ki nesèsè pou kominikasyon yo, fòmasyon, ak livrezon pwodui a.
- Konprann epi rekonèt aksè lib kòm yon pwosesis alalong lè w ap travay avèk patnè achiv nan Amerik Latin ak nan Karayib la. Kominike sou itilizasyon posib pou chèchè yo ak divès lòt moun ki ta gen aksè. Anpil achiv nan Amerik Latin nan ak Karayib la se ajans leta, e kon sa, yo ka mefye yo de pwojè ki dijitalize materyèl ki soti nan enstitisyon aletranje.
- Fè plan pou gen evènman ki angaje kominote a avèk materyèl ki dijitalize. Bay finansman pou angaje kominote a nan evènman ki vize pou prezante e ankouraje materyèl ki dijitalize, oswa pou devlope prezans entènèt patnè lokal yo pou evite fè yo santi materyèl ki dijitalize yo te "soti" a aletranje.

Dinamik pouvwa nan achiv Etazini yo angaje nan aktivite katalòg, metadone ak òganizasyon.

Pou Enstitisyon Finansman yo

- Konstwi zanmitay nan chak kòwòt ki jwenn finansman pou ankouraje yo pataje enfòmasyon ak aprantisaj nan mitan enstitisyon yo. Sa ap ede lòt moun ki bezwen espètiz nan pwòp domèn pa yo.
- Bati yon gwoup konseye nan mitan sibvansyon ki pase deja yo ak sibvansyon ki poko fini yo ki pèmèt yo pataje leson yo aprann nan yon fason natirèl. Li pi bon si konseye a ak apranti a ta soti menm kote epi yo pale menm lang oubyen gen resanblans nan eksperyans enstitisyonèl yo.
- Rann dokiman oswa travay administratif ki nesèsè pou patnè achiv yo pi fasil pou konprann, bay delè ki nesèsè pou dokimantasyon Rekonèt anplwaye yo an jeneral toujou gen anpil travay epi reflechi sou ki jan yo ka rasyonnalize dokiman oswa gide aplikan yo sou sa yo pou yo atann.
- Rekonèt enstitisyon etranje yo ka pa gen tout dokiman ki nesèsè dabitid pou yon demann sibvansyon (pa egzanz, bidjè ki pase deja yo). Prepare w pou w ka adapte w fasil.
- Detay nan reta finansman, pèt nan eksperyans ak fòmasyon, ak pèt nan anplwaye pou pwojè ki baze sou finansman an. Finansman ki baze sèlman sou pwojè yo vin rann devlopman alalong enstitisyon yo difisil paske souvan yo oblije rete tann pou lè gen yon lòt faz finansman.
 - Konekte aplikan yo ak lòt resous lokal epitou ak anplwaye yo pou bati kapasite ki chita sou finansman ou deja fè.
 - Bati lis anplwaye ak kalite eksperyans yo genyen pou fasilite kolaborasyon rejyonal la.
 - Ajoute depans operasyonèl, si sa posib, pou enstitisyon yo kenbe anplwaye yo omwen jiskaske yon lòt faz finansman rive.
- Konsidere bay plis finansman pou pwojè dijitalizasyon ki pi long. Anplis de sa, ajoute devlopman pwofesyonèl ak fòmasyon tout anplwaye nan enstitisyon an si sa posib.
- Mete lajan de kote pou travay tradiksyon. Fè materyèl aplikasyon yo disponib nan plizyè lang diferan. Prepare w pou resevwa aplikasyon yo nan lòt lang ki pa anglè, avèk moun k ap fè revizyon ki pale plizyè lang ak/oswa tradui aplikasyon yo ann anglè.
- Divèsifye gwoup kanmarad k ap fè revizyon yo, kote nou mete ansanm moun ki ka pale nan sitiyasyon lokal, nan diferan kontèks, ak lòt moun ki gen fòmasyon nan pwojè kolaborasyon nan globalite sid la.

Konklizyon

Nou te kòmanse konvèsasyon an atravè kreyasyon yon sondaj pou idantifye kijan patnè nan Etazini yo ka bay bon jan sipò, ankouraje itilizasyon materyèl, epi etabli patenarya ki pi efikas. Anplis de sa, sondaj la t ap chache dekouvri baryè ki genyen nan pwojè dijitalizasyon dijitalizasyon avèk patnè nou yo nan Amerik Latin ak Karayib la tankou lang, teknoloji ak finansman ki te ede reyalye senpozyòm lan. Pandan senpozyòm nan, nou te aprann konplikasyon sa yo fòme akòz aspè patikilye pwojè a – kit li se inisyativ jistis sosyal, pwojè ki rive nan fen finansman yo, fè moun aksepte epi ankouraje aksè lib, sipò gouvènman pou enstitisyon eritaj kiltirèl yo, oswa bezwen ekspètiz pou teknoloji enfòmasyon ak depo. Alafen, senpozyòm lan te ede revele nesosite pou plis klarifikasyon nan pran desizyon ak panse sou kòman yo kenbe pwojè alalong, atravè finansman ak simonte obstak ki la.

Alafen, senpozyòm lan te ede revele nesosite pou plis klarifikasyon nan pran desizyon ak panse sou kòman yo kenbe pwojè alalong, atravè finansman ak simonte obstak ki la.

Bibliyografi

Alpert-Abrams, H., D. A. Bliss, and I. Carbajal. 2019. "Post-Custodialism for the Collective Good: Examining Neoliberalism in US-Latin American Archival Partnerships." In: "Evidences, Implications, and Critical Interrogations of Neoliberalism in Information Studies," Marika Cifor and Jamie A. Lee, eds. Special issue, *Journal of Critical Library and Information Studies* 2.1. DOI: <https://doi.org/10.24242/jclis.v2i1.87>

Área de Tecnología del Grupo de Preservación Digital. 2020. *Criterios básicos para valorar sistemas de preservación digital*. México: UNAM-IIB. E-book: <https://www.iib.unam.mx/bhisw/index.php/instituto-de-investigaciones-bibliograficas/publicaciones/libros-electronicos/557-criterios-basicos-para-valorar-sistemas-de-preservacion-digital-2>

GLAM Mexico: <https://twitter.com/OpenGLAM/status/1276206847402414080>

Trouillot, Michel-Rolph. 1995. *Silencing the Past: Power and the Production of History*. Boston, Mass: Beacon Press.

Remèsiman

Nou ta renmen remèsye Council on Library and Information Resources (CLIR) ak Andrew W. Mellon Foundation pou finansman ke yo bay atravè yon ti sibvansyon pou sipòte senpozyòm nou an. Yon mès espesyal pou patnè ki te patisipe yo Rolando Cocom, Marta Inés Cuero Olave, Frederick Mangones, Norma Mereles de Ogarrio, Amalia Levi, ak Janielle Wilson ki te avèk nou pandan de jou plen, nan rankont vityèl yo.

Mès pou tout lòt esponsò nou yo: Digital Library of the Caribbean (dLOC), UCLA Library, UT Austin LLILAS Benson, University of New Mexico Libraries, Kimberly Green Latin American and Caribbean Center nan Florida International University, ak The Wolfsonian Public Humanities Lab (WPHL).

Mès pou Gimena del Rio Riande pou detèminasyon l nan goumen pou aksè lib lib nan kesyon lasyans ak konesans imanis pou tout moun, epi, an patikilye, pou Amerik Latin nan; epi mès pou Roopika Risam pou batay li pou alfabetizasyon dijital pou jistis sosyal.

Nou pa t ka fè senpozyòm vityèl sa a san sipò Christa Williford, Liesl Picard, Jodi Reeves Eyre, ak Miguel Asencio.

Nou ta renmen repete mès nou yo bay CLIR, Prince Claus Fund, Green Family Foundation, Modern Endangered Archives Program (MEAP) nan UCLA, Center for Research Libraries (CRL), ak Library of Congress (LoC) pou patisipasyon yo. Finalman, nou rekonesan anè patisipan nou yo ki te gen ladan yo moun ki reskonsab achiv, bibliyotèkè, pwofesyonèl mize, etidyan gradye, pwofesè, ak lòt moun ki te rann konvèsasyon yo trè dinamik ak enfòmatif.

Konsènan Otè yo



Hadassah St. Hubert, PhD, gen yon bous pou pòsdoktora ak CLIR nan konsèvasyon bon done pou etid Amerik Latin ak etid karayibeyen nan Digital Library of the Caribbean (dLOC) ki baze nan Florida International University. Li te resevwa doktora li nan Istwa nan University of Miami. Enterè rechèch li genyen se nan Etid karayibeyen, Etid ayisyen, Syans imen nimerik, Ekspozisyon toupatou nan monn lan. Ou ka jwenn li nan hsthuber@fiu.edu.



Jennifer Isasi, PhD, se asistan direktè Office of Digital Pedagogy and Scholarship epi li se direktè Digital Liberal Arts Research Initiative nan Penn State University. Isasi gen yon doktora nan Etid ispanik avèk yon espesyalizasyon nan Syans imen nimerik nan University of Nebraska-Lincoln epi rechèch li kon santre sou aplikasyon metòd dijital pou analiz sosyete nan 19yèm syèk nan woman an panyòl. Ou ka jwenn li nan j.isasi@psu.edu.



Nicté Fuller Medina, PhD, gen yon bous pou pòsdoktora ak CLIR nan konsèvasyon bon done pou etid Amerik Latin nan ak etid karayibeyen, (The University of California, Los Angeles). Rechèch li egzamine plizyè fason done inik yo jwenn nan Beliz ka ede nan avansman syans lengwistik ak kijan aplikasyon rechèch sa a ranfòse konpreyansyon nou sou kontèks plizyè lang tankou sa yo jwenn nan Beliz. Ou ka jwenn li nan nfullerm@gmail.com.



Margie Montañez, PhD, se Konsèvatè Koleksyon Amerik Latin yo nan College of University Libraries and Learning Sciences nan University of New Mexico. Margie resevwa doktora li nan Etid ameriken avèk yon konsantrasyon sou istwa literè ak kiltirèl Chicano/a ak Teyori kritik sou ras epi avan sa li te fè yon pòsdoktora ak CLIR nan UNM nan Albuquerque, New Mexico. Ou ka jwenn li nan margie@unm.edu.



Council on
Library and
Information
Resources

2221 South Clark Street
Arlington, VA 22202
www.clir.org